



Lwa sou asistans pou viktim yo ak pwoteksyon pou moun ki siviv yo

Lwa sou asistans pou viktim yo ak pwoteksyon pou moun ki siviv yo (Victim's Assistance and Survivor Protection Act (VASPA) bay moun ki siviv agresyon seksyèl yo ak moun ki sibi zak talonnen ak tizonay sou Entènèt yo plis posiblite pou yo mande yon òdonans pwoteksyon kont moun ki fè yo ditò san yo pa rapòte sitiyasyon an bay otorite yo ni san yo pa pote plent.

KI SA YON ÒDONANS PWOTEKSYON YE ANBA VASPA A EPI KISA LI FÈ?

Yon òdonans pwoteksyon sivil yo delivre anba VASPA a se yon òdonans tribinal ki la pou pwoteje yon moun ki siviv yon zak vyolans seksyèl kont moun ki te fè l ditò a. Yon òdonans pwoteksyon entèdi moun ki te fè viktim nan ditò a pou l gen okenn kalite kontak ak moun ki siviv la.

Yon òdonans pwoteksyon se kapab yon mwayen pou anpeche moun ki siviv la:

- Sibi lòt zak vyolans seksyèl.
- Wè moun ki te fè l ditò a (p. eg. li ka anpeche moun nan ale nan zòn moun ki siviv la oswa moun ki lakay li konn frekante yo, tankou travay li, lakay li oswa lekòl li).
- Gen plis kontak ak moun ki te fè l ditò a (sou fòm kominikasyon vèbal, ekri oswa elektwonik, kit se dirèkteman avèk moun ki te fè l ditò a oswa atravè yon lòt moun).
- Gen moun k ap talonnen l (tankou lè yon moun ap plede ba l yon atansyon li pa vle resevwa, lè yon moun tizonnen l oswa lè yon moun toujou ap chèche pran kontak avè l).
- Sibi tizonay, san wete tizonay sou Entènèt. (Si moun ki siviv la vle sa, li ka mande pou òdonans lan pwoteje lòt moun nan fanmi li, zanmi l yo, patwon li oswa lòt anplwaye tou).
- Jwenn nenpòt lòt pwoblèm, depi tribinal la konsidere sa apwopriye.

Jwenn yon òdonans pwoteksyon se yon pwosesis ki gen de etap:

- Moun ki siviv la dwe mande yon òdonans pwoteksyon tanporè (Temporary Protective Order, TPO) nan yon tribinal ki jije kesyon fanmi yo. TPO a se premye òdonans ki pwoteje moun ki siviv la kont moun ki te fè l ditò a epi li rete anvigè jiskaske dezyèm etap pwosesis la fèt.
- Dezyèm etap la se mande yon odisyon pou detèmine si y ap bay yon òdonans pwoteksyon final (Final Protective Order, FPO) nètale. Yon FPO pa janm ekspire epi li rete valid, kèlkeswa nan tout Eta ou deplase yo.

KIYÈS KI KA APLIKE POU YON ÒDONANS PWOTEKSYON ANBA VASPA A?

An jeneral, lè yon moun siviv vyolans seksyèl epi moun ki te abize l la ap plede tizonnen l, men li pa kalifye pou yon òdonans restriksyon pou vyolans nan fanmi, li kapab mande yon òdonans pwoteksyon. Moun ki gen moun k ap talonnen yo ak moun ki viktim tizonnay sou Entènèt yo kapab mande yon òdonans pwoteksyon anba VASPA a tou.

Yon paran oswa yon gadyen legal yon moun ki siviv kapab aplike pou moun ki siviv la si moun ki siviv la poko gen 18 lane oswa si l gen yon andikap devlopmanal. Ou ka jwenn yon òdonans pwoteksyon kont moun ki te fè w ditò a sèlman si moun sa a genyen omwen 18 lane (oswa si se yon minè ki emansipe).

Ou kapab aplike pou yon òdonans pwoteksyon kit ou te rapòte zak la bay otorite yo, kit ou pa t fè sa.

KI REZON KI KA POUSE YON MOUN KI SIVIV MANDE YON ÒDONANS PWOTEKSYON?

Tout moun ki siviv yo pa menm. Sa yon moun vle ka pa menm ak sa yon lòt moun vle apre yon zak oswa apre plizyè zak vyolans. Yon moun ki siviv ka vle jwenn yon òdonans pwoteksyon poutèt li entèdi tout kontak avèk moun ki te fè l ditò a san li pa bezwen rapòte krim nan bay otorite yo. Yon lòt moun ki siviv ka vle jwenn yon òdonans pwoteksyon epi pote plent pou moun ki te fè l ditò a devan otorite yo. Sitiyasyon chak moun pa menm. Se moun ki siviv la sèlman ki ka pran yon desizyon pou mande yon òdonans pwoteksyon.

KIJAN MOUN KI SIVIV YO KA APLIKE POU YON ÒDONANS PWOTEKSYON?

Yon moun ki siviv oswa paran li/gadyen legal li kapab mande yon òdonans pwoteksyon anba VASPA a nan tribinal ki jije kesyon fanmi yo, soti 8:30 nan maten rive 3:30 nan aprèmidi.

Moun ki siviv la kapab mande yon òdonans pwoteksyon nan konte kote li rete a, nan konte kote krim seksyèl la te fèt la oswa nan konte kote moun ki te fè l ditò a rete a. Moun ki siviv yo kapab jwenn aplikasyon yo sou Entènèt tou.

Jwenn plis enfòmasyon:

www.njcasa.org/find-help/vaspa



Nan pwogram lokal kont vyolans seksyèl New Jersey yo, defandè ki fòme yo ka bay tout kalite sèvis planifikasyon pou sekirite, enfòmasyon sou dwa ak opsyon legal yo, souabri yo, sou resous yo, sou konsèy pwofesyonèl, sèvis akonpayman nan tribinal ak sipò emosyonèl. Rele liy asistans ki disponib 24 sou 24 nan tout Eta a nan 1-800-601-7200 oswa ale sou njcasa.org/find-help pou jwenn enfòmasyon sou pwogram kont vyolans seksyèl ki nan zòn ou an e pou konnen ki resous ki disponib.

njcoalition
against sexual assault